

## RÈGLEMAN AK PWOSEDE

<b>Règleman # GA-018-125</b>	<b>Non Règleman an: Bòdwo pou Moun ki pa gen Asirans Sante ak Règleman sou Kreyans</b>		<b>Paj 1 of 5</b>
<b>Manyèl:</b> Administrasyon Jeneral		<b>Seksyon:</b> Sèvis Kontabilite Pasyan	
<b>Responsab:</b> <i>Vis-Prezidan Finans / Trezorye</i>		<b>Dat Mizanplas:</b> 05/1995	<b>Distribisyon:</b> Tout sistèm nan
<b>Moun ki apwouve li:</b>			
<b>Dat Koreksyon</b>	10/2000, 10/2002, 10/2008, 06/2016		
<b>Dat Revizyon</b>	06/2016		

### I. Objektif:

- A. Pou etabli aksyon Broward Health ap poze si yo pa peye lajan pasyan an dwe, lè pasyan an pa gen asirans sante, kifè yo konsidere li se yon pasyan prive, ki pou peye pou tèt li.
- B. Jan nou dekri a, Broward Health pap poze ankenn aksyon kreyansyè estwòdinè pou jwenn lajan nan men yon pasyan toutotan nou pa fè jefò rezonab pou wè si moun nan kalifye pou asistans finansyè pou swen li resevwa, selon Règleman Asistans Finansyè (FAP) nou an.

### II. Definisyon

“AGB” vle di montan lajan yo fè yon moun peye dabitid pou swen dijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè, lè moun sa a gen asirans sante.

“Peryòd Aplikasyon” se peryòd FAP etabli pou Broward Health asepte epi pran ka yon aplikasyon yon moun voye pou asistans finansyè; Broward Health dwe fè jefò rezonab pandan peryòd sa a pou wè si moun nan elijib pou asistans finansyè selon règleman sa a. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat yo bay moun nan swen, epi fini pou pi ta 240<sup>èm</sup> jou a, lè moun nan resevwa premye bòdwo li, apre yo egzeye li, oswa 30 jou apre Broward Health bay moun nan yon avètisman alekri ki fè moun nan konnen ki delè li genyen anvan yo kòmanse aksyon kreyansyè (ECA).

“ECA” se aksyon kreyansyè estwòdinè – yon lis aksyon kreyansyè IRS ak Trezò Lezetazini mande pou òganizasyon lasante yo poze pou jwenn lajan nan men yon moun, sèlman *apre* yo fè jefò rezonab pou wè si moun nan kalifye pou asistans finansyè. Aksyon sa yo se bagay tankou move rapò bay ajans ak biwo kredi konsènan kredi konsomatè moun nan.

“FAP” se Règleman Asistans Finansyè Broward Health.

“Moun ki Elijib pou FAP” se yon moun ki elijib pou asistans finansyè selon Règleman Asistans Finansyè Broward Health.

**RÈGLEMEN AK PWOSEDE**

<b>Règleman #: GA-018-125</b>	<b>Bòdwo pou Moun ki pa gen Asirans Sante ak Règleman sou Kreyans</b>	<b>Paj 2 of 5</b>
-------------------------------	---	-------------------

**III. BÒDWO POU MOUN KI PA GEN ASIRANS AVÈK PWOSEDE KREYANSYE**

**Broward Health ap fè tout jefò posib pou ede epi pou wè si yon moun ki dwe lajan elijib pou asistans finansyè grasa Pwogram Asistans Finansyè a, epitou l ap ede moun sa a enskri pou pwogram lokal, leta, oswa federal ki disponib. Sepandan, si yon moun pa elijib, men sa ki gen dwa rive:**

- a) Tout moun ki pa elijib pou FAP, epi k ap resevwa swen nan youn nan lokal Broward Health yo, ap resevwa bòdwo pou tout sèvis yo resevwa.
- b) Men kijan Broward Health va antre an kominikasyon avèk moun ki dwe lajan:
  - i. L ap voye lèt kreyansyè ak deklarasyon pou moun nan okouran li dwe lajan. Severite deklarasyon an va depann depi konbyen tan moun nan dwe lajan, epi estati kont moun nan.
  - ii. Reprizantan gen dwa kontakte pasyan an pa telefòn tou pou eseye raple moun nan li pa elijib pou FAP epi mete l okouran li dwe lajan; y ap eseye jwenn lajan nan mwen moun ki pa elijib pou FAP a.
  - iii. L ap voye bòdwo detaye bay moun nan lè moun nan mande, oswa lè sa obligatwa.

**IV. AKSYON KREYANSYÈ ESTWÒDINÈ (ECA)**

- a) Broward Health pap poze ankenn ECA toutotan li pa fè jefò rezonab pou wè si pasyan an elijib pou asistans finansyè selon FAP Broward Health.
- b) Men ki ECA Broward Health gen dwa fè:
  1. Aksyon ki mande pwosede legal oswa jidisyè, ki gen dwa lakòz yo nanti byen moun nan, yo rele li lajistis, oswa yo sezi lajan moun nan fè.
  2. Move rapò sou moun nan bay ajans oswa biwo kredi.

**V. DETÈMINE ELIJIBILITE YON MOUN POU ASISTANS FINANSYÈ ANVAN ECA**

- a) Broward Health ap fè jefò rezonab pou detèmine si moun elijib pou asistans finansyè. Pou sa, Broward Health ap mete moun okouran FAP a anvan li kòmanse ECA pou jwenn peman pou swen an, epi li pap kòmanse ECA pou omwen 120 jou apati dat Broward Health bay premye bòdwo apre egzayat la.
- b) Men ki aksyon Broward Health pwal poze omwen 30 jou anvan li poze youn oswa plizyè nan ECA yo, pou li jwenn peman pou swen li bay:
  1. Voye moun nan youn avi alekri pou di li gen asistans finansyè ki disponib pou moun ki elijib, esplike ki ECA Broward Health (oswa lòt pati otorize) gen lentansyon poze pou jwenn peman pou swen an, epi di ki delè moun nan genyen anvan ECA sa yo kòmanse. Delè sa a pa dwe pi bonè pase 30 jou apre yo bay avètisman alekri.
  2. Bay moun nan youn rezime senp FAP anvan avèk avi alekri nou dekri anlè a.

**RÈGLEMEN AK PWOSEDE**

<b>Règleman #: GA-018-125</b>	<b>Bòdwo pou Moun ki pa gen Asirans Sante ak Règleman sou Kreyans</b>	<b>Paj 3 of 5</b>
-------------------------------	---	-------------------

3. Fè jefò rezonab pou avèti moun nan de-viv-vwa konsènan FAP Broward Health epi fè l konnen kijan pou li jwenn yon moun ki pou ede l avèk pwosede aplikasyon FAP.
- c) Pafwa, Broward Health regroupe tout bòdwo yon moun pou fè yon sèl. Li pap kòmanse ECA pou jwenn peman pou bòdwo sa yo toutotan 120 jou pa pase depi lè yo voye premye bòdwo a bay pasyan an, apre li te egzeyate, pou dènye swen ki fè pati bòdwo yo regroupe yo.

**VI. PRAN KA APLIKASYON FAP LA**

Broward Health ap pran ka aplikasyon FAP la selon règleman nou dekri anba a.

1. Si yon moun voye yon FAP ki konplè pansan Peryòd Aplikasyon an, Broward Health va:
  - a. Sispann nenpòt ki ECA kont moun nan (pou bòdwo ki gen rapò ak aplikasyon FAP y ap gade a);
  - b. Deside si moun nan elijib pou FAP epi fè moun nan konnen alekri si li elijib (epitou, si sa posib, esplike pou ki kalite asistans moun nan elijib) epi kisa kritè yo te ye pou elijibilite a.
  - c. Si Broward Health wè moun nan elijib pou FAP, Broward Health pwal—
    - i. Avèti moun nan alekri pou fè l konnen li elijib pou 100% asistans finansyè pou sèvis dijans ak sèvis medikal ki nesese, epi di moun nan ki kopeman l ap gen pou fè.
    - ii. Remèt moun nan lajan li te gen tan peye pou swen an (bay lopital la oswa nenpòt ki lòt pati lopital la te delege pou pran lajan nan men moun nan) si lajan sa a te depase montan yo wè moun nan te gen pou li peye antanke moun ki kalifye pou FAP, sòf si lajan anplis la pa depase \$5 (oswa lòt montan ki pibliye nan Bilten IRS la).
    - iii. Pran tout mezi rezonab ki disponib pou ranvèse nenpòt ki ECA yo poze kont yon moun pou jwenn peman pou swen an.
  - d. Si Broward Health resevwa yon aplikasyon FAP konplè epi li panse aplikan an gen dwa kalifye pou Medicaid, Broward Health pwal egzije pou pasyan an aplike pou Medicaid epi respekte pwosede Medicaid la. Si moun nan pa aplike pou Medicaid epi pa respekte pwosede Medicaid la, sa va lakòz yo revoke apwobasyon yo te bay pasyan an pou Asistans Finansyè.

**2. Aplikasyon FAP ki Enkonplè**

Si yon moun voye yon aplikasyon FAP ki enkonplè pandan Peryòd Aplikasyon an, Broward Health va

- a. Sispann nenpòt ki ECA kont moun nan (pou bòdwo ki gen rapò ak aplikasyon FAP y ap gade a);
- b. Bay moun nan yon avètisman alekri pou esplike ki enfòmasyon epi/oswa dokiman ki manke selon FAP oswa fòm aplikasyon FAP la. Moun nan dwe voye bay Broward Health sa yo mande li a pou konplete aplikasyon FAP la.

**RÈGLEMEN AK PWOSEDE**

<b>Règleman #: GA-018-125</b>	<b>Bòdwo pou Moun ki pa gen Asirans Sante ak Règleman sou Kreyans</b>	<b>Paj 4 of 5</b>
-------------------------------	---	-------------------

- c. Si yon moun ki voye yon aplikasyon FAP enkonplè pandan peryòd Aplikasyon an vin konplete aplikasyon FAP la pandan Peryòd Aplikasyon (oswa nan yon delè 30 jou apre peryòd la) li te genyen pou voye enfòmasyon epi/oswa dokiman ki te manke, y ap konsidere moun nan te voye yon aplikasyon FAP konplè pandan Peryòd Aplikasyon an.

**VII. LÒT RÈGLEMEN**

- a) **Lwa kont Abi** – Broward Health pap deside yon moun pa elijib pou FAP si desizyon sa a baze sou enfòmasyon Broward Health panse li pa ka fè konfyans, enfòmasyon ki enkòrèk, oswa enfòmasyon yo fòse moun nan bay.
- b) **Renonsyasyon a Aplikasyon FAP** – Broward Health pap eseye fè moun siyen papye pou renonse a FAP, kòmkiwa pou moun nan ta siyen pou li di li pa vle aplike pou èdè finansye FAP oswa di li pa vle resevwa enfòmasyon nou dekri anlè a, pou Broward Health detèmine yon moun pa elijib pou FAP.
- c) **Otorite Final pou Detèmine Elijibilite FAP** – Se Inite Santral Èd Finansye (Central Financial Assistance Unit oswa CFAU) ki gen otorite final pou wè si Broward Health te fè jefò rezonab pou detèmine si yon moun te elijib pou FAP e si Broward Health kapab poze ECA kont moun nan.
- d) **Akò ak Lòt Pati** – Si Broward Health vann oswa transfere dèt yon moun bay yon lòt pati, Broward Health pwal siyen alekri yon akò legal avèk pati sa a pou li asire yo pa poze ECA pou jwenn peman toutotan pa gen jefò rezonab ki fèt pou wè si moun nan elijib pou FAP pou swen l ap resevwa.
- e) **Bay Dokiman Elektwonik** – Broward Health gen dwa voye avi oswa kominike, jan nou dekri nan règleman sa a, pa vwa elektwonik (paregzanp, pa imel) si moun nan di li pito resevwa avètisman alekri oswa kominikasyon pa vwa elektwonik.
- f) **Bay Swen Medikal ki Nesesè** - Broward Health pap repòte, denye, oswa mande peman anvan li bay swen medikal ki nesèsè poutèt yon moun dwe lajan.
- g) **Plan Peman** – Tout moun ki pa elijib pou FAP epi ki pa gen asirans sante, elijib pou yon plan peman oswa pou yon rabè sou lajan yo dwe poutèt yo pa elijib pou FAP.

**VIII. KOWÒDONE LOPITAL LA**

Broward Health Medical Center  
(954)355-5442  
1600 S Andrews Ave  
Fort Lauderdale, FL 33316

Broward Health North  
(954) 786-6589  
201 E Sample Rd  
Deerfield Beach, FL 33064

Broward Health Imperial Point  
(954) 776-8708  
6401 N Federal Highway  
Fort Lauderdale, FL 33308

Broward Health Coral Springs  
(954) 344-3006  
3000 Coral Hills Drive  
Coral Springs, FL 33065

**IX. Règleman ki gen rapò**

**RÈGLEMEN AK PWOSEDE**

<b>Règleman #: GA-018-125</b>	<b>Bòdwo pou Moun ki pa gen Asirans Sante ak Règleman sou Kreyans</b>	<b>Paj 5 of 5</b>
-------------------------------	---	-------------------

**GA-018-055- Règleman Asistans Finansye****X. Règleman / Estanda****N/A****XI. Referans**

F.S. 409.911(1)(c)

Kòd Enpo §§ 501(r)(4) (règleman sou asistans finansye); 501(r)(5) (limit sou frè); epi 501(r)(6) (kondisyon pou bòdwo ak kreyans) (epi Règleman Trezò a genyen)

**XII. Administrasyon ak Entèpretasyon**

Entèpretasyon ak administrasyon règleman sa a, se responsabilite Vis Prezidan Finans / Trezorye.